

ELEMAN DEBAZ GRÈF SAN AK MWÈL ZO

Si oumenm oswa yon moun ou renmen gen yon kansè san tankou lesemi oswa lenfòm, oswa yon maladi sistèm defans oswa yon maladi jenetik, yon grèf san oswa yon grèf mwèl zo ka se yon chwa tretman pou ou.

KISA YON MWÈL ZO YE?

Mwèl zo se tisi moun ki andedan zo ou yo ki fè selil ki fòme san. Selil ki fòme san yo se selil imati (ki rele selil souch san tou) ki grandi pou yo vin globil wouj, globil blan oswa plakèt. Lè selil yo ak plakèt yo imati, yo soti nan mwèl zo a pou antre nan kouran sangen an.

- **Globil blan yo** ede batay kont enfeksyon yo.
- **Globil wouj yo** mennen oksijèn toupatou nan kò a.
- **Plakèt yo** ede kontwole senyman an.

KISA YON GRÈF SAN OSWA GRÈF MWÈL ZO YE?


Yon grèf san oswa yon grèf mwèl zo ranplase selil ki pa an sante ki fòme san avèk sa ki an sante. Anvan grèf ou, w ap resevwa kimyoterapi avèk oswa san radyasyon pou detwi selil ak mwèl ki malad yo.

Answit, y ap ba ou selil ki an sante. Yon grèf san oswa yon grèf mwèl zo pa yon operasyon. Nouvo selil yo pase nan yon katetè nan venn (IV) ou oswa nan yon tib pou antre nan kouran sangen ou. Se senpleman tankou lè ou pran san oswa medikaman nan yon IV. Apati moman sa a, selil yo ap jwenn kote pou yo antre nan mwèl zo ou. Lè yo rive ladan, yo grandi epi yo kòmanse fè globil wouj, globil blan ak plakèt ki an sante.

Gen 2 kalite grèf prensipal:


1. Grèf Otològ

Yon grèf otològ itilize pwòp selil ou ki fòme san. Doktè pran selil yo nan kouran sangen ou (selil souch san periferik oswa PBSC) oswa nan mwèl zo ou epi li konsève yo san pwoblèm jouk lè li itilize yo.



2. Alogrèf

Yon alogrèf itilize selil ki fòme san yon lòt moun bay. Moun sa a kapab se yon manm fanmi oswa yon moun ki pa anyen pou ou. Si doktè a itilize san kòdon, li pran san sa a pi souvan sou donè ki pa anyen pou ou, men selil sa yo kapab pafwa soti sou yon donè ki manm fanmi ou.



Yo itilize anpil diferan mo pou dekri grèf.

Ou ta ka tande:

- Grèf mwèl zo oswa grèf san kòdon
- Grèf selil souch
- BMT (grèf san ak grèf mwèl zo, oswa grèf mwèl zo)
- HCT (grèf selil ematopoyetik)

KI KOTE SELIL YO SOTI?

Gen 3 sous selil ki fòme san yo itilize nan grèf.

Men yo:

- **Mwèl zo:** Tisi eponj ki andedan zo yo
- **Selil souch san periferik (Peripheral blood stem cells, PBSC):** Selil ki fòme san nan san k ap sikile a
- **San kòdon:** San yo pran nan kòdon lonbrik la ak nan plasanta a apre yon tibebe fèt

KI KALITE GRÈF KI PI BON POU MWEN?

Doktè grèf ou ap rekòmande ki kalite grèf—grèf otològ oswa alogrèf—ak ki sous selil ki pi bon pou. Desizyon sa a baze sou anpil faktè tankou:

- Ki maladi ou genyen ak etap maladi a
- Sante jeneral ou

Kesyon pou poze doktè ou:

- Ki kalite grèf ak ki sous selil ou rekòmande pou mwèn?
- Ki risk ak avantaj grèf ki genyen nan grèf la pou mwèn?

Si w ap fè yon alogrèf, ou p ap gen pou jwenn donè pa ou. Doktè ou ap teste manm fanmi ou pou eseye jwenn yon donè ki konvnan pou ou avan. Si doktè ou pa jwenn yon donè ki konvnan pou ou nan fanmi ou, li kapab fè rechèch nan Be The Match Registry®.

KILÈ LI PI BON POU FÈ YON GRÈF?

Li pran tan pou planifye pou yon grèf, poutèt sa doktè ou ka kòmanse pwosesis la bonè—menmsi ou toujou anvizaje swiv lòt tretman.

Doktè yo swiv gid pou rekòmande pi bon moman pou fè grèf la. Anjeneral, grèf yo gen siksè si:

- Ou nan premye etap maladi ou
- Ou nan akalmi (ou pa gen siy maladi), oswa gen maladi ki piti anpil nan kò ou
- Maladi ou ale apre tretman
- Ou gen bon sante jeneral

Sitiyasyon chak pasyan diferan, poutèt sa li enpòtan pou pale sou tout chwa ou yo avèk doktè ou. Poze kesyon pou konnen sa pou espere nan tretman ou. Asire ou alèz avèk plan tretman ou.

Dènye revizyon an te fèt nan mwa mas 2015



NAN CHAK ETAP LA NOU LA POU EDE OU

APRANN: [BeTheMatch.org/patient](https://www.bethematch.org/patient)

IMÈL: patientinfo@nmdp.org

KÒMANN: [BeTheMatch.org/request](https://www.bethematch.org/request)

RELE NIMEWO: 1 (888) 999-6743



Sitiyasyon medikal, eksperyans grèf, ak gerizon chak moun diferan. Ou ta dwe toujou kontakte ekip grèf ou oswa doktè fanmi ou konsènan sitiyasyon ou. Enfòmasyon sa yo pa la pou ranplase ni yo pa ta dwe ranplase jijman oswa konsèy medikal yon doktè.